Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 28 (7429)
23 Июль 2020 сон
Хамиз
adovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Генуб росулъ – хIалтIулаб сапаргун



2I июлалда районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов хIалтIулаб сапаргун щвана Генуб росулъе. Гьевгун цадахъ сапаралда рукIана районалъул депутатазул Собраниялъул пред. М. Юсупов, «Жилищниябгун коммуналияб магIишаталъул» МКУялъул нухмалъулев А. ГIабдулхаликъов, районалъул бетIерав архитектор ХI-М. ГIабдурахIманов.

Районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас ва райадминистрациялъул вакилзабаз лъазаруна Генуб росулъ нухазе капиталияб ремонт гьабиялъул бугеб хIалалъул. Гьенир ремонталъулал хIалтIаби гьарулел руго республикаялъул «Мой Дагестан – мои дороги»,-абураб приоритетнияб проекталда рекъон.

РакIалде щвезабизин; сметнияб багьа 2020 соналда жаниб гьабулеб хIалтIул бахуна 5.785 азарго гъурущалде. Проекталъул рамкаялда жаниб ремонт гьабулаго асфальт тIезе, нухазе капиталияб ремонт гьабизе, чваххиял ине бакIал ва къадал ран щулалъаби гьаризе ГIабдула-ХIажил ва Рамазан-ХIажил цIаразда ругел нухазда,-ян бихьизабун буго хIалтIулаб документациялда.

Капиталияб ремонталъул подрядчиказ гьарун рагIалде рахъинарун руго гьанжеялде киналго хIадурлъиялъул хIалтIаби, цо бутIаялда тIун руго кьучIал, гьединго гъорлъе лъугьун руго нухбикьуда подпорнияб къед гьабиялъул хIалтIабаздеги.

Гьенир хIалтIаби гьарулаго хIисабалде росизе ккола росулъе чвахун цIадал рараб мехалъ рачIунел чIахIиял лъараз гIадамазул ахIвал-хIал захIмалъиялде ккезабулеблъи. Гьелда хурхун гIемерал цIиял ургъиял гьаризе хIажалъизе рес буго росулъ. Подрядчиказдаги лъазабун буго гьелъул ругел санагIатбахъи, гьез рагIи кьолеб буго росулъ хIалтIи чIезарурал болжалазда гIум-роялде рахъинаризе ва гьенир санагIалъаби гIуцIизе.

## Данделъи тIобитIана

Араб анкьил ахиралда социалиял суалазул рахъалъ данделъи тIобитIана районалъул бетIерасул зам. ГI-М. МухIамадовас. Гьенир гIахьаллъана культураялъул отделалъул нач. ГI. ГIабдулаев, гIолилазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул ва туризмалъул рахъалъ райадминистрациялъул отделалъул нач. А. МухIастанов, цогояб информациялъулаб отделалъул нач. ХI-М. ГъазимухIамадов.



Къойил темаялда рукIана районалда культура ва туризм цебетIезабиялда хурхарал суалал. Гьениб кIалъалаго ГI. ГIабдулаевас бихьизабуна районалда культурияб лъай кьеялъул хIалтIи цебетIеялъе бажарарабщинаб гьабулеб бугин, гьабсагIаталда культучрежденияздa капиталиял ремонтал унел ругин. Гьел рагIалде рахъине ругин сентябрь моцIалда,-абун.

Туризмалъул суалалда хъатIулаго ГI-М. МуртазагIалиевичас тIадчIей гьабуна гьеб иш лъикIлъиялъе Унсоколо районалда туристал рачIинариялде кIвар кьезе ккoлин.

Данделъиялда районалда культурияб рахъ ва туризм цебетIезабиялъе гьаризесел тадбиралги рихьизаруна.

## Туризм цебетIезабиялъул бицана



20 июлалда районалъул бетIерасул социалиял суалазда хурхун зам. ГI-М. МухIамадовас тIобитIана районалда туризм цебетIезабиялде бусараб данделъи. Гьенир гIахьаллъана районалъул депутатазул Собраниялъул пред. М. Юсупов, гIолилазулгун хIалтIи гьабиялъул рахъалъ райадминистрациялъул отделалъул нач. А. МухIастанов, культураялъул отделалъул нач. ГI. ГIабдулаев, Цогояб информационнияб хъулухъалъул нач. ХI-М. ГъазимухIамадов.

Данделъиялда кIалъалаго районалда туризм цебетIезабиялъе хасаб стратегия гIуцIизе кколин бихьизабуна ХI-М. ГъазимухIамадовас.

Данделъиялъул гIахьалчагIаз тIадчIей гьабуна росабалъ туризмалъе инфрастуктура гIуцIиялъе, туристал рачIиналъе киналго санагIалъаби рукIинари жанибе бачараб, районалъул программа г1уц1изе кколин.

Данделъиялъул ахиралда хIукмо гьабуна районалъул туризм цебет1еялъе тIабигIат берцинал бакIазде маршрут лъезе, гьел туризмалъул порталалде росизе

## ТIадеги лъай кьолезул суалгун

2I июлалда райадминистрациялъул социалиял суалазул рахъалъ заместитель ГIабдулмутIалим МухIамадовас данделъи тIобитIана лъай кьеялъул суалазда хурхун. Гьенир гIахьаллъана тIадеги лъай кьеялъул учреждениязул нухмалъулел, районалъул лъай кьеялъул отделалъул инструктор-методист Загьраъ НурмухIамадова, районалъул финансазул отделалъул начальник Жамалудин Шамсудинов, гьебго отделалъул бетIерай специалист ГIазраъ МухIамадова ва информационнияб хъулухъалъул хIалтIухъаби.

Къойил темаялде росун рукIана тIадеги лъай кьеялъул учреждениязул финансазул рахъ, гьел организациял казениялгун бюджетниялълъун гьари, навигаторалда лъималазул хъвай-хъвагIаял гьари ва нагрузкаби рикьи.

Данделъиялда гьоркьор лъурал суалал тIураялъе нухалги ралагьана.



**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 28 (7429)
Хамиз
23 июль 2020 сон



Дагъистан босана Россиялъул регионазда гьоркьоб захIматалъул рынокалда хIалуцараб хIал бугезул сияхIалде гьоркьобе. Гьелъие данде росана 2018-2019 саназул минтрудалъул хIасилал.

РФялъул Кавказалъул субъектазда гьоркьоб буго цо Дагъистан гуребги Ингушетия, Кабардино-Балкария, Карачаево-Черкессия, Северияб Осетия, Чечня ва Адигея



РукIинесел рищиязде

## «Единая Россия» партиялъул политикияб Советалъул заседание



Араб анкьалда райадминистрациялда бетIер ГI. НурмухIамадовас районалъул «Единая Россия» бакIалъулаб партиялъул политикияб советалъул заседание тIобитIана.

Къойил темаялде росун рукIана:

I. 2020 соналъул I3 сентябралда букIине бугеб цогояб гьаракь кьеялъул къоялъ «Единая Россия» партиялъул бакIалъулаб отделениялде уполномоченниял вакилзаби рихьизари; «сельсовет Кахабросинский» МО, «село Харачи» МО, «сельсовет Иштибуринский» МО. 2. «Единая Россия» партиялъул Унсоколо бакIалъулаб отделениялде тIадехун рихьизарураздасан рищиязде уполномочениял вакилзаби рихьизари; 3. Унсоколо бакIалъулаб отделениялде «Единая Россия» партиялдасан кампаниялъул заманалда довереният гIададамал тIами; 4. Рищиязда цересел программаби къабул гьари ва СМИялдасан къватIире кьей; 5 «Единая Россия» партиялъул Унсоколо бакIалъулаб отделениялде рищиязул документациялдасан пайда босиялъе рищиязул цолъабазул къокъал цIарал кьей цогояб гьаракь кьеялъул къоялъ пайда босизе; 6. «Единая Россия» партиялъул Унсоколо бакIалъулаб отделениялде гьаракь кьеялъул цогояб къоялъ рищиялъулал документациязда пайда босизе эмблемаби рукIинари.

Жиндирго кIалъаялда бакIалъулаб политикияб Советалъул пред. П. ГIалиевалъ предложение кьуна бюллетеназде балъгояб гьаркьие лъезе регионалияб партиялъул политикияб Советалъул президиумалда дандрарал кандидатураби рихьизаризе.

Гьеб гуребги заседаниялда хIукмо гьабуна ЕДГ-2020 соналъул рищиязул цолъабазде киналго суалазда хурхун уполномочениял вакилзаби тIамизе, гьелда рищиязул комиссиязул киналго рахъал гьорлъе рачарал, чIезарурал ва гъулбасарал депутатлъиялде кандидатазул сияхIал кьезе, бакIалъулаб «Единая Россия» партиялъул секретарь ГIиса Камилов ва «Зиранинская СОШ» МКОУялъул директор Хизри Расуловги списокалде росун.

Заседаниялда ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна ЕДГ-2020 рищиязул кампаниялда Унсоколо бакIалъулаб политикияб Советалде тIамизе I0 чи доверениял лицаби гIадин.

Гьенибго политикияб Советалъул пред. П. ГIалиевалъ лъазабуна РДялъул «Муниципалиял рищиязул хIакъалъулъ» законалда рекъон къокъаб цIар тезе кколин рищиязул цолъабазда рищиязул документациялда хIалтIизариялъе, предложение кьуна гьаб хадусеб къокъаб цIар рищиязул цолъиялъе кьезе «Единая Россия Партиялъул Унсоколо бакIалъулаб отделение»,-абураб цIар.

# Хира гьабун бижараб уммат

МухIаммадияб уммат буго бищун хирияб. Гьелдалъун тIадегIанав Аллагьас гьезие хирияб Къуръаналда сипатги гьабун буго. «Нуж руго я МухIаммадил умматалъул муъминзаби, киналго халкъазе маслихIаталъе ва лъикIалъе Аллагьас бахъинабураб, бижизабураб уммат.

«ГIадамазде лъикIаб жо гьабиялдалъун амру гьабулел, квешаб тейилан абун нагьюги гьабулел. Аллагьасда иман лъун Гьесул кинабго амру-нагью тIубазабулел»,-абун (Алу-ГIимран», II0 абилеб аят)

МухIамад авараг (с. т. гI. в) хира гьавун вижун вукIиналъ Аллагьас гьесул умматги тIадегIан гьабуна. БетIергьанас хира гьарурузда гьоркьоре ккезе ккани буго цIунизе кколеб шартIги, нилъ Гьесул диналъе гIоло, Гьесул разилъи тIалаб гьабун гIумро тIамулеллъун рукIин. Аллагьас нилъ рижиялъе гIиллаги буго нилъеца Гьев цо гьавун бацIцIадаб гIибадат гьаби. Гьедин букIиналде тIоритIел гьарулел хIадисалги Къуръаналъул аяталги руго.

«Дица женалги инсалги Дие гIибадат гьабизе гурони рижичIо»,-ян абулеб буго Къуръаналда.

Жинда Аллагь разилъаяв ГIумар-асхIабас абун буго: «Нуж умматазул лъикIалдалъун рукIине бокьун батани, гьелъие бугеб шартI тIубазабе»,-ян. ШартI щибин гьикъидал, амру гьабураб гьабун, нагью гьабураб тун хьвади бугин кьун буго жавабги.

Нилъер умматалъул хиралъи цере рукIарал умматазулъго бицунги бачIун букIана. Гьезулъги бицен букIана нилъ рукIине ругин цогиязде лъикIалдалъун амру гьабулел, квешалдаса гьел нахъчIвалел, жидер Расуласдаги цере арал аварагзабаздаги хIакъаб куцалда жал нахъги рилъине ругелин абун.

Гьадинаб цо-цо гIамалал цере рукIарал умматазулъги рукIунаан. Амма гIамал гьабун, нахъ рилъун исламияб уммат гIадин гьелда чIечIо. Гьелъ БетIергьанас гьеб гьезухъа нахъеги босана Бану-Исраилазулъ жиб лъугьараб кинниги. Гьезул вукIана цояв жиндир вац мунагьалде кколев вихьани, гьелдаса гьев нахъе чIвалев, амма жинцаго гьабулелъул ургъелго букIунарев. Цинги БетIергьанас гьесие гIакъуба гьабуна кIиясулго ракI цого гIамал гьабулеблъун лъугьинабун. ЛъикIаб-квешалдалъун амру-нагью гьабулеб гIамал нахъе босиялъул мугъруги кьабгIана.

**Муса аварагас хьул гьабураб**

Аллагьасул рахъалдаса гьабураб гIамалалъухъ нилъер умматалъе бугеб ажру-кири бихьараб мехалъ Муса аварагцин хIайранлъун вуго гьелда.

Гьесда Тавраталда хъван батун буго цо умматалъул, цинги гьелъул хIакъалъулъ Аллагьасда абун буго гьес: «Я, Рабби, дида батана жинда рахIму-цIоб лъураб цо умматалъул хIакъалъулъ хъван. Жидеца лъикIаб-квешалдалъун амру-нагьюги гьабулел, церехун арал аваргзабазде рештIарал киналго тIахьаздаги божулел, жидееги жидеца цогиязеги шапагIатги гьабизе бугел, Дажалгицин жидеца чIвазе вугел. Я, БетIергьан Аллагь, гьабе гьеб дир умматлъун»,-абун.

Мусае жаваб гьабун БетIергьанас абула, гьеб бугин МухIаммадил умматин. Мусаца цоги абула: «Я, БетIергьан жеги дида батана цо къавмалъул жидер гIамал бихьун кири анцIгоялде бахинабун кьолел, цо-цо нухалъ анкьнусиде ва азаридеги бахинабулел. Мунагь гьабуралъухъ гурони гIакъуба гьабуларел. Жиндихъе рештIараб тIехьги рекIелъ цIунулел, как балелъулги малаикзаби киниги мухъал гьарун чIолел, гьезул мажгитазул цIалараб мехалъ ракIалде щола кьабун цIурал найил тIалаби, рарал какалги мунагь чурилъун ругел, жужахIалдеги жал кколарел. Бегьулеб батани, гьабе гьеб дир умматлъун»,-ян. Гьеб мехалъги абула БетIергьанас: гьеб бугин МухIамадил умматин.

Гьеб умматалъе кьолел ругел тIадегIанал даражаби рихьун хIайранлъарав Мусаца нахъеги гьарула БетIергьанасда: «Я, БетIергьан Аллагь, гьеб умматалдаса цоявлъунгIаги гьаве дун»,-абун. Гьелъие жаваб гьабун БетIергьанас абула: «Ва, Муса, Дица мун тIадегIан гьавуна, Дир аварагллъун ва расуллъун тIасаги вищана, мун дуе кьуралда разиявлъун ва щукру гьабулевлъун вукIа. Дица дуе Таврат кьуна ва гьелда жанир насихIаталги гьаруна. Дурго къавмалдаги лъикIаллъун рукIаян абе, Дир кумекалдалъун гьезда хIакъалде нух батана».



Гьеб калам рагIидал Муса разилъула, бугониги жиндие гьев МухIаммад вихьизе бокьун вугин зигардула. БетIергьанас абула: «Ва, Муса дур гIумроялъул къоял гIеларо гьев вихьизе, амма Дица дуда гьесул умматалъул гьаракь рагIизабила».

Гьелда Муса разилъун, БетIергьанас «Ва, МухIаммадил уммат»,-ян ахIула. Цинги гьез жидер умумазул гьодаздасан гьаркьал гьаруда; «Амру гьабе, я нижер БетIергьан, кинабниги тIадегIанлъи гурхIел-рахIмуялъул рагIаби Дуе руго, Дуда ращалъи гьабулелги цониги гьечIо»,-ян.

Гьезие жиндирго рахьалдасан бугеб цIоб загьир гьабун БетIергьанас абула: «Ва, МухIаммадил уммат, Дир гурхIелалъ гIакъуба гьаби нахъе ккезабуна. Нужеца гьаризегIанго Дица нужее гурх1ел кьуна. Мунагь гьабизегIанго гьелдасаги цIунана»,-ян.

Гьанже рачIаха хIисаб гьабизе нилъеего БетIергьанас кьун бугелъулги, нилъецаго гьабулеб бугелъулги. Гьабулеб бугищ нилъеца МухIамадил умматалдаса ратиялда рекъараб щукру ва гьев разилъулеб гIамал?!

Аллагьас тавпикъ кьеги щивасе аварагасда церечIарал къояз гьесул шапагIат щолездаса ратуледухъ гIамал-гIибадат гьабизе ва гьес нахъе тараб нух цIунизе.

**МухIамад САЛМАНОВ**

Ахихъан
Районалъул газета
№ 28 (7429)
Хамиз
23 июль 2020 сон

3 гъумер

**Садовод**

Страница в номере

# Для удобства граждан в получении государственных услуг

Миграционный пункт Отделения МВД России по Унцукульскому району информирует, что существуют три основных способа получения государственных услуг:

1 Личное обращение в подразделение по вопросам миграции;

2 В электронном виде на Едином портале государственных и муниципальных услуг (ЕПГУ);

3 Через Многофункциональный центр (МФЦ)

В первом случае гражданин лично обращается в соответствующее подразделение по вопросам миграции для получения определенной государственной услуги.

На сегодняшний день большая часть населения предпочитает пользоваться получением услуг в обычном формате: посещая учреждения лично, заполняя множество документов на бумажном носителе. Таким образом, тратится значительное время на заполнение документов. Получение государственных услуг в электронном виде снимает все эти проблемы. Для этих целей создан единый портал государственных и муниципальных услуг, основными целями работы которого являются снижение административных барьеров, упрощение процедуры предоставления услуг и сокращение сроков их оказания, внедрение единых стандартов для обслуживания граждан, проживающих на различных территориях.

Миграционный пункт Отделения МВД России по Унцукульскому району призывает

граждан пользоваться преимуществами оформления государственных услуг в электронном виде. Приятными «бонусами» для интернет-пользователей являются: отсутствие очередей, возможность обратиться в подразделения миграции в любое время и из любой точки мира, сокращение сроков оформления документов и возможность проследить весь процесс их подготовки.

Кроме того, госуслуги в электронном виде – это выгодно! При оплате госпошлины пользователи ЕПГУ получают скидку 30%. Посредством Единого портала государственных и муниципальных услуг https://www.gosuslugi.ru/ можно подать заявления:

- на выдачу и замену паспорта гражданина РФ;
- о постановке на регистрационный учет и снятии с учета граждан РФ по месту пребывания и месту жительства;
- на получение адресно-справочной информации;

Чтобы воспользоваться порталом «Госуслуги.ру» необходимо зарегистри-роваться и создать личный кабинет. Эта процедура несложная – на неё уйдет порядка 15-20 минут. Чтобы «открыть» личный кабинет потребуется паспорт гражданина РФ, СНИЛС, адрес электронной почты и номер мобильного телефона.


# Уважаемые выпускники!

Профессионально-педагогический колледж имени Расула Гамзатова производит прием студентов на новый 2020-2021 уч. год.

1. Подготовка специалистов в колледже, за счет средств бюджета Республики Дагестан, производится по направлениям:

На базе основного общего (9 кл.) образования

**1. 44.02.02 Преподавание в начальных классах** (Учитель начальных классов с дополнительной подготовкой в области русского языка и литературы, родного языка и литературы, математики, английского языка, информатики, психологии, физической культуры, технологии, музыкального воспитания, воспитатель детской дошкольного возраста).
**2. 44.02.01 Дошкольное образование** (Воспитание детей дошкольного возраста с дополнитель ной подготовкой в области музыкального воспитания и изобразительного искусства).
**3. 44.02. 05 Коррекционная педагогика в начальной образовании** (Учитель начальных классов и начальных классов компенсирующего и коррекционно-развивающего образования).
**4. 49. 02.01 Физическая культура** (Тренер, учитель физической культуры)
**5. 54. 01. 20 Графический дизайнер** (Графический дизайнер)

**II. На платной основе (оплата 40 тыс. рублей в год)**

1. 49.02.05 Прикладная информатика (Техник-програмист)

**Срок обучения:**

На базе основного общего (9 кл.) образования – 3 года 10 месяцев.

**Абитуриенты принимаются в колледж без экзаменов, на конкурсной основе**

Имеется заочное отделение (на платной основе, оплата 25 тыс. рублей в год) по специальностям 44.02.01 Дошкольное образование и 44. 02. 02 преподавание в начальных классах, 49.02.01 Физическая культура на базе общего и полного среднего образования
Документы принимаются с 25 июня по 25 августа 2020 года.

**Наш адрес: г. Буйнакск, ул. Дж. Кумухского, 84.**


# Шахматы – гимнастика ума

(К Международному дню шахмат )



**Уже много лет, начиная с 1966 года, во всем мире 20 июля отмечают Международный день шахмат. Этот праздник проводится по решению ФИДЕ – Всемирной шахматной федерации, основанной в этот день в 1924 году.**

**Шахматами начали интересоваться еще в те давние времена. Игра в шахматы помогает людям развивать ум, мышление и логику. В Унцукульском районе немало хороших шахматистов. Среди них можно назвать и Газимагомеда Газимагомедова, химика по профессии, директора МКОУ «Шамилькалинская СОШ».**

В 1977 году, успешно закончив Унцукульскую общеобразовательную школу №1, Газимагомед Гасанович поступил в ДГУ. В 1982 году начал работу учителем химии в Унцукульской общеобразовательной школе №2, с 1985 по 1989 гг. был секретарем Унцукульского райкома комсомола.

С 1989 по 1992 гг. работал инспектором в управлении образования, с 2001 года по настоящее время Газимагомед Газимагомедов - директор МКОУ «Шамилькалинская СОШ».

Шахматами Газимагомед Гасанович увлекался еще в школе, это его любимый вид спорта, хотя он увлекается и волейболом. Газимагомед Газимагомедов принимает участие в разных турнирах, проводимых в Республике Дагестан, где участвуют не только шахматисты Дагестана, но и Северного Кавказа.

В 2019 году Газимагомед Газимагомедов стал победителем среди ветеранов, также имеет множество наград.

Газимагомед Гасанович считает правильным решение Министерства образования преподавание в 1-4 классах уроков по изучению шахмат, потому что игра в шахматы развивает логику детей и мышление.

Шахматы – это не только вид спорта, но и вид искусства. Дети думают не только об игре, они чувствуют какую-то внутреннюю красоту, понимают, что - это настоящая культура, общение с фигурами, они стремятся к победе, а сильный и умный выигрывает, поэтому шахматы называют «гимнастикой ума».

Чем бы мы не занимались, чтобы нам не нравилось, у каждого из нас есть кумир. У Газимагомеда Гасоновича, конечно, есть свой кумир, их даже несколько. Это – норвежский шахматист Магнус Карлсен. Он является ведущим шахматистом в мире.

Некоторые после разочарований и неудач оставляют шахматы. Просто нужно проявить настойчивость и работать постоянно над собой. Лишь после этого придет успех.

Мне кажется, что шахматная игра очень красива тогда, когда играют такие добросовестные люди, как Газимагомед Гасанович. Действительно, было видно, что директор МКОУ «Шамилькалинская СОШ» очень интеллигентный, энергичный, добрый и вежливый человек.

Желаем ему успехов в дальнейших турнирах, долгих лет жизни, счастья и здоровья и много свободного времени, чтобы заниматься любимым видом спорта.

**П. МАГОМЕДОВА.**

# Транспорталъул налогал рачIинариялъе



Райадминистрациялъ мурадалдещолебхIалтIи гIуцIун буго киналго транспорталъулал налогазул налъи гIодобе ккезабиялъе. Гьеб мурадалда районалъул администрациялъул специалистаз судазул приставазгун, налогазул хъулухъазул ва ГИБДДялъул хIалтIухъабазгун цадахъ рейдалъулаб тадбир тIобитIана Рихьуни росулъ. Хал гьабуна росулъ ругел налогал кьезе кколел бюджеталъул бутIаялда хIалтIулезул транспорталъулал налъабазул. Гьеб бецIиялде пикру буссинабуна налогал кьечIезул.

Гьединал тадбирал тIоритIиялъул мурад ккола жиндир заманалда тIадаб налъи бецIизе кколеблъи гIадамазда бичIчIизабиги

## Распоряжение главы Унцукульского района Исы Нурмагомедова

### «О введении мер по обеспечению безопасности людей на водных объектах»

В целях реализации постановления Правительства Республики Дагестан от августа 2007 года № 217 «Об утверждении Правил охраны жизни людей на водных объектах Республики Дагестан» и

обеспечения безопасности людей и недопущения гибели их на водных объектах:

1 Запретить в летний купальный сезон 2020 г. купание несанкционированных для купания местах в пределах территории Унцукульского района.

2 В целях исполнения пункта 1 настоящего распоряжения рекомендовать:

- главам сельских поселений МО «Унцукульский район», граничащие с прибрежными зонами установить информационные знаки и запрещающие аншлаги в местах опасных для купания.

- муниципальному бюджетному учреждению «Единая информационная служба» МО «Унцукульский район» информировать о правилах поведения на воде (регулярно).

- организовать совместные патрулирования с представителями администрации сельских поселений, ОМВД России по РД в Унцукульском районе (по согласованию), общественности и волонтеров.

3 Заместителю главы администрации МО «Унцукульский район» Магомеду Гамзатову довести рекомендации настоящего распоряжения лиц, указанных в п.2 настоящего распоряжения.

4 Опубликовать настоящее распоряжение на официальном сайте администрации МО «Унцукульский район».

5 Контроль за исполнением настоящего распоряжения оставляю за собой.

Лъалищ нужеда?

# Чай ва кофе кида раккарал?

ТIоцебе Европаялде чай бачIана I6I6 соналда. БачIинеги гьеб бачIана рикIкIадаб Ява чIинкIиллъиялдаса босун Голландиялъул базаргабаз. ГIадат батухъе базаргаби лъугьана жидерго къайи беццизе. Чаялда абизе лъугьана иллагьияб херилан, гьеб гьекъезе лъикIаб бугин къойида жаниб 40-50 пигьалайиланцин абулаан, къасикъад батIалъи гьечIого, сордо-къоялда жаниб бокьараб мехалъ гьекъезе лъикIаб бугилан беццулаан. Цо Голландиялъул тохтурас кинаб унтигун жиндихъе чи вачIаниги рецепталъе хъвалаан чай гьекъезе кколилан... ХIакъикъаталда чай херцин гуро. Гьеб гьабула чайдул гъотIол тIамхазул. Гьеб гуребги, чай даруго гуро. КъвакIараб чай черхалъе заралиябцин букIуна. ТIоцебе заманаялъ чай гьекъолаан гIицIго бечедал гIадамаз, чай доб заманаялъ цIакъ хирияб нигIматлъун букIана. Чаялда хадуб баккана къагьваги (кофе). Мисриялде (Египет) ва Турциялде щварал Франциялъул базаргабаз цебего, кIалдиб лъим ккун бицунаан гIажаибаб гъотIол хIакъалъулъ. «Турказ гьеб гъотIол гьабула «къагьва» лъаларо, «къофа» лъаларо цIар бугеб цо гьекъолеб жо ва ашбазазда чагъиралъул бакIалда гьеб гьекъолел рукIуна. Гьеб гьекъолеб жоялъ ракI тирхизабула, ай чIамучIлъиги чIалгIенги чIвала, бакIвали, чехь-бакь щула гьабула ва инсан къуватавлъун ва сах-саламатавлъун гьавула»,-ян бицунаан гьез. ГIемер кватIичIого къагьва баккана Франциялъул къиралъасул гьалбал ахIараб кванагьекъолеб данделъиялде. Къиралъасдаса нахъе ккечIого рукIине бокьана герцогазе, герцогазда хадубго графазе, ва виконтазе, чин бугел дворяназда хадуб – чинго гьечIезе, базаргабазе, докторазе, адвокатазе. Рагьана гIемерал, къо бакъинегIан гIадамал гIодор чIун рукIунел къагьваханаби.

Дворяназ ва сверухъе ракIарараз гьабураб жо, модалъун лъугьун, киназго гьабулаан. РукIана къагьваялъул тушбабиги. Цоцояз абулаан Турка-зул къагьва католиказ гьекъезе бегьуларилан. Цогидаз абулаан Кольбер абурав министрас къагьваги гьекъон жиндирго бакIвали бухIизабун бугилан, къагьваялъ гIумро къокъ гьабулилан, гьелъ чехь унтизабулилан, ракIбакъвай тIаде цIалилан ва хIатта бакIвалиялда ругъналлъугьинарулиланцин. Цо бикаца (принцессаялъ) абуна, жинца щиб гьабуниги гьеб «лахI жубараб лъим» гьекъеларин, гьедин абулаан гьелъ къагьваялда, гьел киналго ралъад бахун дорехуниса рачIарал гьекъолел жалазде данде мех бараб пиво кидаго лъоларилан.

МухIканго абизе кIола нилъехъе къагьва ва чай кидал раккаралали. I665 соналъ тохтир Самюэль Коллинсица Александр Михайлович ханасе рецепт хъвана. Рецепталда хъван букIана: гьалун белъараб къагьва, турказда ва персазда гьоркьоб лъалеб ва гIадатаб къадиквандаса хадуб, чаналъуб гьалун белъараб хиналъул тIамах – гьеб буго гIураб дару, лъикI гьечIого лъугьиналде, мегIерччиналде, магIарзухъа къаялде ва ботIролаб унтиялде данде. Шоколад къабул гьабуна къагьваялде дандеялдаса цIикIкIараб дандечIейгун ва щакалъигун. Абулаан шокорладал гIадамазе гуреб болъоназе кьезе ккол‍илан, гьелъ би бухIулилан ва гIадамал чIвазецин бегьулилан. БитIун абуни, машгьурав сапарчи Кортецица Мексикаялдаса бачIараб шоколад жакъасеб шоколадалда релъарабго букIинчIо. Мексиканаз гьеб гьабулаан какаоги, маис-цIоросаролъги пилпилги жубазабичIого ва чакарги базего бачIого. Гьанже нилъеда лъалеб шоколад гьабизе байбихьана хадуб. Гьеб гьабизе хъурула какао-гьоло, гьелда тIаде жубала чакар, ванил ва цогидалги махI берцин гьабулел жал ва прессалъ цIакъ данде къала. Гьеб чайдал, къагьвадул ва шоколадалъул хIакъалъулъ букIараб дагIба-къецалъулъ щивха витIарав вукIарав? Чаялъулгин къагьваялъул регьен дагьаб букIуна, гьеб гуребги гьелда гъорлъ рукIуна ракIалъе




ва нервабазе зарал, гьезде квешаб асар гьабулел жал. Шоколад ва какао, гьел батIиял жал руго, хасго шоколад, гьелъулъ гIемерал руго беэнлъабиги белкабиги. ГIадада гурелъулха полярияльде унел сапарча-гIаз, гьенире унаго цадахъ гIемераб шоколадалъул нахърател босулеб букIараб. Какао гьелдаса дагь регьунеб буго. Гьеб хIадурула гьадин: какао-гьоло хъурула, гIанкула ва хадуб гьелъул хIарараб жоялъулъа къанцIун бахъула беэнлъи. Гьединлъидалин какаоялъулъ шоколадалде дандеккун беэнлъи дагьаб бугеб.

Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района

Главный редактор КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции: 51373 Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3 Телефон редактора 89896522856 sadovoduns@yandex.ru 398940

Адрес издателя и типографии г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 23.07. 20 г. 17.30 фактически -18. 10 мин.

Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках Тираж - 1000 экз.